

**NOU SOVE**

**AKOZ**

**GRAS**

**BON DYE**

By Gary and Linda Miller

Tradiktè: Pastè Ludovic Louis

# Introdiksyon

Moun tou patou ki pale ak li kreyol,

Nou konstate ke anpil moun ki di yo se Krétyen pa konn si yo sove ak si yo pa sove. Yo chanté ak tout fos yo: “ Quelle assurance je suis sauvé ” apwe, ou poze yo keksyon sou salu(sové) yo, yo reponn,” map fè efò, map travay, m- pa konnen” ak anpil lot bagay ankò. Zafè sove tounen yon “Bolèt”, sové maten, pèdi apwe midi. Moun pa fèt de fwa nan yon fanmiy. Konsa tou, moun pa fèt de fwa nan fanmiy Bon Dye. Se ou byen ou pitit ou byen ou pa pitit.

Ti liv sa a ke-m gen chans tradwi pou ou an kreyol ap ede-w konprann zafè sove a byen. Nou pa mete, nou pa wete, nou di-w sa Bib la di.

Priyè nou pou wou, se wè, Bon Dye louvri zye-w ak intelijans –w pou konprann Pawol Li.

Bon Dye beni-w!

Rev. Ludovic Louis  
Pasteur de l’Eglise Baptiste de la Grâce  
Cap-Haitien, Haiti

Bon Dye rele liv Li-a:” Pawol Verite”, nan 2 Tim 2:15. Li dekri tet Li nan Tit 1:2 tankou”... Bon Dye ki pa janm manti”. Nou ka fè liv Li-a konfians akòz Bon Dye, ki pa janm manti, se Li ki te ekri-l e liv sa se pawol verite.

Ti liv sa a va ede- w wè sa Bon Dye di sou:

- **Jan la vi-a kout**
- **Lanmò ap vini kan menm**
- **Gras Bon Dye se yon nesosite**

Bon Dye di ke lavi ou kout, li pa long. Li paret fap, li disparet tankou yon kout zeklè.

Job 7:6a “Jou m' yo pase pi vit pase zegwi nan men moun k'ap maye senn.”

Vese 7: “Bondye o! Pa bliye, lavi m' tankou yon nwaj k'ap pase.”


Jodi-a, yo pa tro pale de kanèt(navèt) machin a koud tankou lontan men referans aksyon an sanble ak zegiy machin a koud kap monte desann. Sa pa pran anpil tan pou-l fèt. Mouvman zegiy la si rapid ke je pa ka men-m wè-l. Se konsa Job di la vi li ye. Jou lòm tankou zegiy machin kap koud.



## **Tankou bwa fouye sou larivyè, tankou malfini**

Job 9:25 “ ... jou mwen yo...” Vese 26 “Yo kouri tankou bwa fouye sou larivyè, tankou malfini k'ap plonje sou ti poul.”

Bwa fouye sou larivyè pase vit. Eske ou konn wè yon malfini kap plonje sou ti poul? Sa fèt si vit, ti poul la pa gen tan pou-l chape, li tounen manje pou malfini an. Gade yon bel imaj Seyè a ban nou pou la vi ki kout.



## **Tankou van k'ap soufle.**

Som 78:39 :” Li chonje se moun yo ye, se pase y'ap pase tankou van k'ap soufle. “

Isit la, Bon Dye dekri la vi – ou tankou van. Yon van kap pase e ki pap retounen. Se pa yon van kap dure men se yon van kap pase, kap pase vit. Van sa a pa la pou lontan, li soufle vit, li pap retounen.

Bon Dye di nou : lòm se tankou zeb li ye. Zeb pa dire lontan. Zeb dire yon ti tan apre, li sech. Deskripsyon sa desann lom byen ba. Nou ta pito Bon Dye di byen fò, nap dire lontan petet tankou yon gwo, gwo pyebwa yo rele Sekoya ki viv pou plizyè milye lane.


Sonje ke Bon Dye di nou la verite. Lè nou we zeb kap fennen, nou dwe sonje vèsè yo ki anseye nou jan la vi nou kout.



## **Tchoule tankou solèy k'ap kouche**

Som 102:11, “Kò m' ap tchoule tankou solèy k'ap kouche.”

Bonè nan jounen an, yon lonbraj konn parèt ro, long, nan finisman jounen, nou wè menm lonbraj sa vin piti. Leve bonè nan maten an pou rive nan finisman jounen an se yon ti tan tou piti. Menm jan lonbraj la diminye- a, se konsa la vi yon moun ye tou. Bon Dye ka anseye yon moun ki vle resevwa anseyman menm ak lonbraj.



### **Yon vape kap disparet**

Jak 4:14: “Nou pa menm konnen sa lavi nou va ye denmen. Lavi nou tankou yon nwaj. Li parèt pou yon ti tan. Apre sa, li disparèt.”



La vi nou se tankou yon nwaj. Mete nan lespri –w ke wap gade yon bonb ou yon mamit ki sou yon recho kap bouyi epi chalè ap monte tankou yon vapè ou yon nwaj. Vapè sa kap anseye nou kichoy sou longè la vi nou. Li kout! Bon Dye fè nou wè menm jan vapè parèt pou yon ti kras tan epi li disparèt, se menm jan la vi nou ye tou.

Tout ekzanp Bon Dye bay sou longè la vi nou, fè nou wè menm verite-a. **Lavi a kout.** Yon kanèt machin, van, bwa fouye sou la rivyè, malfini kap fè vit desann pou pran ti poul, tan kout, lonbraj kap tchoule(rale ko-l), zeb kap fennen ak nwaj (vapè) tout sa yo pale de la vi.

Bon Dye di nou ke la vi nou va kout e li va pase vit. Lè ti tan kout sa va fini, se lanmò ki va vini.

Bon Dye di noun nan pawol li pouki sa nou mouri.

Bon Dye di nan I Cor 15:22, “tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ak Adan.”

Bon Dye eksplike sa nan Rom 5:12 “Se poutèt yon sèl moun peche, peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin pou tout moun, paske tout moun fè peche.”

Peche te antre nan le mond akòz Adam te peche. Adam ak Ev te dezobeyi Bon Dye. Se sa peche ye menm, dezobeyi Bon Dye. Bon Dye te modi lòm ak lanmò, sa se pinisyon pou peche. Nati lezòm pouse-l fè peche e lanmò pa epaye piès moun.

Nan Jenez 2:16-17, “Bon Dye di Adam ak Ev, “Seyè a, Bondye a, bay nonm lan lòd sa a. Ou mèt manje donn tout pyebwa ki nan jaden an. Men, piga ou manje donn pyebwa ki fè moun konnen sa ki byen ak sa ki mal la. Paske, jou ou manje l', w'ap mouri.”

Nou li jan Satan te chanje pawol BonDye pou sedwi Ev ak fe Bon Dye pase pou mante ak pawol sa yo nan Jenez 3:4, “Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vwe. Nou p'ap mouri kras.”

Bon Dye ki pa ka manti, te kenbe pawol Li devan Adam ak Ev. Yo te mouri. Bon Dye te anvizaje de (2) lanmò. Yonn te esprityel e lòt la te fizik. Peche yo te kraze la menm relasyon kite genyen antre yo menm ak Bon Dye. Yo te mouri esprityelman. Yo te mouri konnye-a pou Bon Dye. Yo pat gen bon relasyon anko ak Dye kite kreye yo. Yo ta gen pou konnen lanmò fizik pita nan lavi yo. Yo tou le de te mouri fizikman.

Rom 5:12 di “Peche a louvri pòt pou lanmò.” I Cor 15:22, “tout moun gen pou mouri paske yo fè yonn ak Adan.” Jan Bon Dye di-la tout moun gen pou mouri paske yo fe yonn ak “Adam”. Lezom resevwa nati peche Adam kom eritaj

Apot Pòl fe nou sonje pozisyon nou devan Bon Dye nan Rom 3:23 ,” Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.” Nou aprann ke nou gen yon nati peche, men sak pi rèd la nou fè peche

Rom 6:23, “ Peche peye nou kach: li ban nou lanmò; men kadò Bondye ban nou gratis la, se lavi ansanm ak Jezikri, Seyè nou an, yon lavi ki p'ap janm fini. “ Salè peche se lanmò. Bon Dye anseye nou ke gen de lanmò pou nou konsidere. Premye a se lanmò fizik, lè nanm ak lespri nou kite kò a. Answit, Bib la pale de yon deziem

lanmò. Dezyem lanmò sa pran plas lè Bon Dye jije lòm pou peche ak voye sa yo ki pa kwè nan letan dife (lanfè)

Heb 9:27: “Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo. “

Nan Rom 6:23, nou we yon ti mo, “ men “. “Men kado Bon Dye se la vi ki la pou toutan nan Jezu Kri Seye nou an. Nou aprann la ke Bon Dye te fè pwovizyon e lap kontnye fè pwovizyon yon kado pou lom. Kado a se la vi etenel e nou jwenn li nan Seye Jezu Kri. Repons nou dwe,” Kijan m ka jwenn kado sa? Kijanm ka soti anba chaj peche –m yo? Kijanm ka sove anba jijman poum pa tounen koupap pou peche m yo ak ale nan letan dife-a ( lanfè) ? Kijan m-ka resevwa kado ak gen lavi etenel pa mwayeren Jezu-Kri?”

Bon Dye pa sere ou kache repons sa yo. Pawol Bon Dye se kote nou ale pou aprann sa Bon Dye te di. Bon Dye te toujou fè pwovizyon yon “levanjil” – pawol Bon Dye ke lòm dwe obeyi pa la fwa pou-l rive sove. Jodia nou nan period gras, levanjil Bon Dye ki ka sove nou an, me kote pasaj ou teks yo ye:

Eph 2;8-9 “Se paske li renmen nou kifè li delivre ( sove ) nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo.”

Rom 3:24, “Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.”

I Cor 15:1-4, vese 3-4, “... Kris te mouri pou peche nou, dapre sa ki ekri nan Liv la. Yo te antere l', li te leve soti vivan sou twa jou apre l' te fin mouri, jan sa te ekri nan Liv la tou.”

Se san Kris kite koule sou bwa kalvè ki pemèt Bon Dye jis le-l ran pechè tankou ou ak mwen jis.

Heb 9:22b :”... Si san pa koule, nan pwen padon pou peche yo.”

Eph 1:7:” Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil.”

Levanjil Bon Dye a klè ak senp. Se yon levanjil de gras. Kris te mouri pou peche nou yo, li te antere, li soti vivan( resisite) nan lanmò. Bon Dye pran chaj sove, ou menm pran chaj kwè.

Salu(sove) se yon kado paske gras Bon Dye fè pwovizyon gratis pou lòm. Pa gen anyen lòm ka fè pou merite salu a. Se pa zèv ou kap fè ou sove, si se konsa, ou ta ka frape lestomak ou. Bon Dye gen kapasite pou padone peche ou yo ak sove ou akoz Pitit li a kite peye dèt peche nou yo Le-l te mouri sou bwa kalvè. Konnye-a Bon Dye lib pou sove tout moun ki kwè mesaj levanjil la.

Rom 3:24, “ Men Bondye ki renmen yo, li fè yo gras. Li fè sa pou yo gratis, gremesi Jezikri ki vin delivre yo.” Gras se yon mo mèveye ak yon mwayen mèveye Bon Dye jere kreyasyon li an. Nou ka dekri gras tankou yon fave ke-w pa merite vizavi fot nou fè. Gras se bonte Bon Dye pou pechè ki merite kondanasyon.

Nan Rom 8:32, nou wè gras Bon Dye vizavi lòm. “ Li pa t' menm refize nou pwòp Pitit li a, men li bay li pou nou tout. Ki jan pou l' pa ta ban nou tout bagay avèk Pitit la tou pou gremesi?”

Bon Dye pat epaye Kris. Li te monte la kwa ak mouri la pou peche ou yo. Jès sa a se te gras Bon Dye pou lèzòm. Lòm pat merite sa. Pa gen anyen nan lòm ki ta ka pouse BonDye fè sa-l fè-a. Rom 5:8-9, “ Sou pwèn sa a, Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou. Se paske li bay san li pou nou kifè koulye a Bondye fè nou gras. Nou pa bezwen mande si Kris la p'ap delivre nou tou anba kòlè Bondye. “

Eske ou te mete konfians ou nan Jezu- Kri kom sovè ou? Bon Dye konnen kè ou. Li konnen si la fwa ou repoze sou Seyè Jezu- Kri ak lanmò li te pran nan plas ou sou bwa kalvè ou byen si la fwa ou se nan yon lòt bagay oubyen yon lòt moun. Bon Dye wè kè tout moun.

Nan Rom 4:3-4,” Men sa ki ekri nan Liv la: Abraram te mete konfyans li nan Bondye, se poutèt sa Bondye fè l' gras. Moun ki fè yon travay resevwa lajan pou sa l' fè a. Lajan yo ba li a, se pa yon favè, ni se pa kado yo fè li. Se yon bagay yo dwe li.”Bib la klè; Bon Dye va sove-w ak gras li, lè ou sispann kwè nan pwop tèt ou, relijyon ou ak nenpot ki lòt bagay ke lè ou kwè Levanjil Kris la.

I Cor 1:18 “Pawòl ki fè nou konnen jan Kris la mouri sou kwa a, se pawòl moun fou pou moun k'ap peri yo. Men, pou nou menm ki delivre yo se pouvwa Bondye.”Sintespri sèvi predikasyon lakwa nan dispansasyon(period) la gras nap viv la pou sove lezòm.

Pa gen salu(sove) pou moun ki nan mete konfians nan fè nenpot nan bagay sa yo:

- Obeyi dis Komandman
- Fè sa ki pi bon

- Viv yon bon vi
- Fe bon zèv
- Obeyi règ lò a ( trete lòt yo jan ou ta renmen yo trete-w)
- Fe legliz kado lajan
- Manb yon legliz ou ale legliz souvan
- Lapriyè
- Batize nan dlo
- Pran la kominyon
- Konfime
- Fè penitans
- Ou nenpot lòt bagay ou fè ou byen legliz ou fè pou ou!

Salu(sove) se Selman pa gras Bon Dye! Sa ou gen pou fè, se kwè sèlman.

Rom 11:6, “Se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo fave sa a; men se paske Bondye te vle fè l' pou yo. Si se pa t' konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò.”

Rom 4:5, “Okontrè, moun ki pa fè okenn travay pou yo dwe li kichòy, men ki mete konfyans li nan Bondye sèlman, Bondye k'ap fè tout moun ki meprize l' yo gras, ap fè moun sa yo gras tou paske yo mete konfyans yo nan li.”

Salu(sove) se pa rezilta konfians nan Kris kite mouri sou la kwa nan plas ou ak fe lot bagay anplis. Sa se anseyman relijyon, se pa sa pawol Bon Dye anseye. Salu se yon kado. Salu se yon kado gratis. Moun pa konn travay pou kado. Kado la vi etenel la gratis pou tout moun ki vle resevwa-l men li koute Bon Dye lanmò sel Pitit li a. Nou pa gen anyen nou ka ajoute pou peye dèt peche nou yo. Kris te fe **tout**.

Eph 1:13, “Konsa tou, nou menm, moun lòt nasyon yo, apre nou te fin tande mesaj laverite a, ki vle di bon nouvèl k'ap fè nou konnen jan Bondye delivre nou an, nou te mete konfyans nou nan Kris la, n'ap viv ansanm nan Kris la tou. Bondye te make nou ak letanp li tou, li ban nou Sentespri li te pwòmèt la.”

Ou ka sove konnye-a menm, se selman kwè Levanjil la, Kris te mouri pou peche ou yo, san Li a peye an gwo pou peche -w yo. Moman ou kwè nan kè ou, Bon Dye ap padonen-w, sove ou ak gras Li. Eph 1:13 di nou ke nou sele ak so Sintespri ki fè nou pou Li pou tout letènite. So sa se garanti Bon Dye pou salu ou ki etènel. ( Eph 4:30, II Cor 1:22 ).

Eph 4:30, “Pa fè Sentespri Bondye a lapenn, paske Lespri a se mak letanp Bondye sou nou, li ban nou garanti Bondye ap fin delivre nou lè jou a va rive.”

II Cor 1:22, “li menm ki make nou ak letanp li, ki mete Sentespri nan kè nou tankou yon garanti pou tou sa li sere pou nou.”

Bon Dye ki sove-a se li menm ki garanti ( kenbe )salu-a. Nou pap janm pedi salu-a. Gras Bon Dye sove nou e se menm gras sa anko ki kenbe nou. Bon Dye sove nou ak gras Li e nou ka fè-L konfyans pou kenbe nou ak gras Li

Sonje, la vi a kout, pa mize. Mete konfyans(la fwa) nan Kris Jodi-a e kite gras Bon Dye sove-ou!

Manb Kò Kris la rann ti liv sa disponib pou ou. Si-l te ede-w, e ou ta renmen konnen pi plis sou gras mèvèye Bon Dye a ak tout sa li fè pou ou, ou ka vizite sit sa:

[www.grace-harbor-church.org](http://www.grace-harbor-church.org)

La ou ka jwenn lòt materyel pou timoun ak granmoun ak etid Bib la, telechajman anrejistre nan sesyon anseyman Bib la pou Dimanch maten.

**SOVE  
AKOZ  
GRAS  
BON DYE**